

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN


3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan tangtuna dipikabutuh dina hiji panalungtikan sangkan léngkah-léngkah panalungtikan bisa kagarap sacara sistematis jeung ngagampangkeun panalungtikna sorangan. Dina ieu panalungtikan aya léngkah-léngkah anu disusun ku panalungtik anu disaluyukeun jeung panalungtikan anu dilaksanakeun.

Aya sababaraha léngkah anu dilaksanakeun ku panalungtik saacan nyindekkeun hasil panalungtikan, di antarana nya éta nangtukeun topik panalungtikan, ngawatesan masalah anu fokus kana gejala campur kode anu muncul dina paguneman siswa RSBI kelas X SMA Pasundan 1 Bandung, ngarumuskeun pasualan anu ditalungtik, nangtukeun tujuan panalungtikan dumasar rumusan masalah, ngalaksanakeun studi literatur anu luyu jeung panalungtikan, nangtukeun pamarekan anu dipaké, nangtukeun informan/sumber data, nangtukeun métode panalungtikan, ngumpulkeun data, ngolah jeung analisis data, jeung nyindekkeun hasil panalungtikan (il. Iskandar, 2009:92).

Sanggeus nangtukeun léngkah-léngkah anu ditataan di luhur, panalungtik nataharkeun desain panalungtikan sangkan data anu geus aya bisa diolah nepi ka bisa meunangkeun hasil anu hayang dihontal sacara *terarah*. Desain anu dijieun ku panalungtik nya éta ngaregepkeun hasil rékaman paguneman siswa, ngalakukeun transkripsi, nyirian kekecapan, frase, klausa, kalimah anu mangrupa campur kode, ngaklasifikasikeun gejala campur kode anu muncul, nyalin data anu

geus dicirian kana kartu data, ngolah data, niténan angkét pikeun ngalengkepan data, ngadéskripsikeun data anu geus diolah, jeung nyieun kacindekkan. Sangkan leuwih jéntré, léngkah-léngkah anu ditataan bisa dibagankeun saperti di handap ieu:



Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

3.2 Sumber Data

Unggal panalungtikan tangtuna kudu aya objék anu jadi sumber panalungtikan. Dumasar kana judul panalungtikan, anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh paguneman siswa RSBI kelas X SMA Pasundan 1 Bandung anu bisa ngarojong kana hasil panalungtikan. Dina harti paguneman anu di jerona nyangkaruk campur kode. Datana mangrupa hasil rekaman nalika siswa prakték paguneman anu dipancénkeun ku guru basa Sunda, anu satuluyna éta rekaman disalin kana wangun tulisan atawa ditranskripsi.

3.3 Wangenan Operasional

Sangkan leuwih jéntré sarta nyingkahan salah tapsir ti anu maca, panalungtik ngajéntrékeun judul panalungtikan dina wangenan operasional. Aya tilu istilah anu kudu dijéntrékeun nya éta:

- 1) Campur kode anu aya dina ieu panalungtikan nya éta campur kode anu aya dina paguneman siswa RSBI dina pangajaran paguneman. Paguneman anu dilaksanakeun ku siswa direkam tuluy ditranskripsi (dina wangun lisan kana wangun tulisan). Campur kode nu muncul ditilik tina wandana (golongan, unsur kabasaan, jeung sipat CK) jeung kasang tukang lumangsungna campur kode.
- 2) Paguneman anu dimaksud dina ieu panalungtikan nya éta paguneman anu dipraktékkeun ku siswa dina pangajaran paguneman anu ditepikeun ku guru widang studi. Panalungtik nyieun dokuméntasi ku cara ngarekam paguneman anu dilaksanakeun ku siswa.

Jadi anu dimaksud “Campur Kode dina Paguneman Siswa RSBI Kelas X SMA Pasundan 1 Bandung” dina ieu panalungtikan téh nya éta nalungtik lumangsungna campur kode dina paguneman anu dilaksanakeun/dipraktékkeun ku siswa RSBI dina pangajaran paguneman anu direkam tur dirobah kana wangun tulisan (transkripsi).

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén mangrupa komponén anu penting dina hiji panalungtikan pikeun ngumpulkeun data anu diperlukeun. Ieu panalungtikan miboga tujuan mikanyaho kalumangsungan campur kode dina paguneman siswa RSBI jeung naon anu ngasangkutanana. Ku kituna, instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés (tés lisan) jeung angkét (kuisisioner *tertutup*).

Tés dina ieu instrumén pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina gunem catur maké basa Sunda. Siswa diperedih prakték paguneman di hareupeun sacara spontan dumasar topik anu geus ditangtukeun saméméhna atawa nangtukeun topik séwang-séwangan. Topik anu bisa dipilih ku siswa diantaranya nya éta ngobrol ngeunaan:

- a) kulawarga
- b) kasundaan
- c) pilem panganyarna
- d) kawih/tembang anu dipikaresep
- e) wawanohan
- f) pangajaran

- g) pangalaman
- h) karesep/kalangenan
- i) (*pilihan sorangan*)

Paguneman anu dilaksanakeun ku siswa direkam sangkan ngagampangkeun dina maluruh lumangsungna campur kode. Hasil rekamanana disalin kana wangun tulisan (transkripsi). Sedengkeun, angkét nu digunakeun nya éta angkét *tertutup* anu mangrupa patalékan-patalékan anu patali jeung informan ogé panalungtikan. Instrumén angkét ieu digunakeun pikeun nguatan data saméméhna.

Tabel 3.1 Kisi-kisi Angkét 1

No.	Informasi anu diperlukeun
1.	Asli urang Sunda atawa lain (campuran)
2.	Basa anu dipaké dina komunikasi sapopoé
3.	Basa anu dipaké nalika KBM basa Sunda
4.	Aya henteuna rasa géngsi maké basa Sunda nalika ngobrol
5.	Resep henteuna kana bacaan/acara dina basa Sunda

Tabel 3.2 Kisi-kisi Angkét 2

No.	Informasi tambahan anu diperlukeun
1.	Ageman jeung umur informan
2.	Sadar henteuna nalika paguneman di hareupeun kelas
3.	Dihaja henteuna nalika ayana basa anu nyampur dina paguneman
4.	Alesan makéna basa anu pacampur nalika komunikasi

Pikeun kalancaran dina klasifikasi jeung ngadéskripsikeun data anu aya, panalungtik ngagunakeun kartu data. Anu dina éta kartu dituliskeun nomer kartu

(kode), panyatur, wangun campur kode, golongan campur kode, sasaruuan, jeung déskripsi CKPSR.

Tabél 3.3 Conto Kartu Data

No. Kartu	No. Paguneman	Golongan CK
(...)	(...)	(.....)
Sempalan Paguneman:		
P1:		
P2:		
CK :		
Sasaruaan:		
Analisis/déskripsi:		
.....		
.....		

Tabél 3.4 Conto Ngalarapkeun Data

No. Kartu	No. Paguneman	Golongan CK
(2)	(6)	(CK ka jero)
Sempalan Paguneman:		
P1: "Dit ti mana?"		
P2: " <i>dari sekolah.</i> "		
P1: "urang ulin yu?"		
P2: " <i>hayu..main apa?</i> "		
CK : <i>dari sekolah, main apa</i>		
Sasaruaan: ti sakola, ulin naon		
Analisis/déskripsi:		
CK anu aya dina éta paguneman asupna unsur frasa basa Indonesia kana basa Sunda. Jadi, CK anu aya mangrupa CK frasa.		

3.5 Méthode Panalungtikan

Hiji panalungtikan tangtuna miboga métode husus sangkan bisa meunangkeun data anu hayang dihontal sarta bisa dipertanggungjawabkeun. Kitu ogé jeung ieu panalungtikan mibanda métode jeung téhnik panalungtikan.

Méthode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode analisis déskriptif. Éta métode dipilih sangkan bisa ngagambarkeun karakteristik data jeung kaayaan anu aya. Panalungtik baris ngadéskripsikeun data-data anu dikumpulkeun dumasar kana hasil analisis nepi ka bisa ngajawab rumusan masalah jeung nyindekkeun hasilna.

3.6 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan téh kabagi kana dua téhnik nya éta téhnik ngumpulkeun data dina tahap awal jeung téhnik ngolah data minangka tindak lanjut tina ngumpulkeun data. Data anu dianalisis jeung didéskripsikeun téh nya éta sakabéh basa séjén anu asup kana basa paguneman siswa dina basa Sunda.

3.6.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu baris digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik tés jeung angkét anu dituluykeun ku analisis data anu didéskripsikeun. Hal éta dumasar kana data anu dipikabutuh tur bisa nyumponan jawaban anu aya dina rumusan masalah.

Data anu dikumpulkeun téh ngaliwatan léngkah-léngkah di handap ieu:

- 1) ngabagikeun angkét nu tuluy dieusi ku objék panalungtikan
- 2) meredih siswa sangkan ngapraktékkeun paguneman di kelas dumasar topik anu geus ditangtukeun saméméhna sacara spontan
- 3) ngalakukeun transkripsi rekaman anu geus dilaksanakeun

3.6.2 Téhnik Ngolah Data

Data anu geus dikumpulkeun tangtuna kudu diolah kalawan bener tur taliti luyu jeung ieu panalungtikan. Téhnik anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta analisis komparatif konstan (*constant comparative analysis*) atawa métode padan komparasi intralingual (ma'na anu nyangkaruk dina basa) jeung komparasi ékstralingual (hal di luar basa, saperti kontéks sosial makéna basa). Tahapan atawa léngkah anu dilaksanakeun sacara gurat badag, nya éta (a) tahap nyadiakeun data, (b) tahap analisis data, jeung (c) tahap midangkeun hasil analisis data (il. Mahsun, 2005:127).

Hal mimiti anu dilaksanakeun ku panalungtik dina ngolah data nya éta ngalakukeun transkripsi kana paguneman siswa anu geus direkam sangkan mikanyaho aya henteuna campur kode dina paguneman siswa RSBI (CKPSR). Hasil transkripsi dibaca kalawan gemet bari niténan jeung nyirian gejala CKPSR. Sanggeus dicirian, tuluy dipariksa jeung diklasifikasikeun dumasar wanda CKPSR anu aya, pikeun ngagampangkeun dina ngitung presentase atawa frékuensi munculna CK, nepi ka bisa nyieun kacindekan hasil panalungtikan. Éta léngkah anu dilakukeun téh mangrupa téhnik distribusional.

Rumus ngitung intensitas munculna campur kode dina ieu panalungtikan nya éta:

$$fCK = \frac{nCK}{\sum nCK} \times 100\%$$

Katerangan:

- fCK = frekuensi campur kode
- nCK = jumlah campur kode anu muncul dina unggal paguneman
- $\sum nCK$ = jumlah sakabéh campur kode anu muncul

(il. Mahsun: 2005:212)

Léngkah satuluyna ngaanalisis unggal campur kode anu tina basa séjén kana basa Sunda anu saterusna ditapsirkeun parobahanana. Pikeun ngaidéntifikasi naon anu jadi sabab ayana CK, tuluy mariksa sakabéh data angkét anu geus dikumpulkeun sangkan bisa ngajéntrékeun faktor anu ngabaluarkeun ayana CKPSR. Pamungkas, nyindekkeun hasil panalungtikan dumasar data-data anu geus dianalisis saméméhna.